Re:                                                                                    Dat anons-la:

***Non distrik lekòl-la*** ______________________________________________

# FÒMILÈ POU KONSANTMAN EVALYASYON-AN
## Anèks N 1

| KALITE EVALYASYON: *Divès enstriman evalyasyon ak divès estrateji dwe sèvi pou reyini ransèyman kap detèminen bezwen edikasyon elèv-sa-a. [Tcheke wi oswa non pou chak evalyasyon.]* | REKÒMANDE WI | REKÒMANDE NON |
|---|---|---|
| **Evalyasyon nan tout domenn an rapò avèk andikap sipoze-a** – dekri pèfòmans elèv-la nan nenpòt domenn an rapò avèk enkapisite ki sipoze ke timoun-lan genyen.<br>Lis evalyasyon ki rekòmande:<br>______________________<br>______________________<br>______________________ | | |
| **Evalyasyon edikasyon** – ki gen ladann istwa pwogrè edikasyon elèv-la nan pwogram etid jeneral-la epitou ransèyman aktyèl sou pèfòmans elèv-la. | | |
| **Obsèvasyon sou elèv-la** – ki gen ladann jan elèv-la konpòte-l ak lòt elèv nan klas-li oswa jan li konpòte-l nan anviwonnman natirèl-li oswa tou nan pwogram entèvansyon bonnè. | | |
| **Evalyasyon lasante** – esplike an detay nenpòt pwoblèm medikal oswa limitasyon ki kapab afekte edikasyon elèv-la.. | | |
| **Evalyasyon sikolojik** – dekri kapasite elèv-la nan aprann epitou jan li aprann an relasyon avèk abilte epi devlopman sosyal e emosyonnèl. | | |
| **Evalyasyon lakay** – bay detay sou istwa valab konsènen fanmi elèv-la avèk sitiyasyon lakay-li ki kapab afekte edikasyon-l epitou sou bezwen yon vizit lakay avèk yon akò ekri. | | |

## SEKSYON REPONS PARAN

***Tanpri tcheke yon ti kare omwens pou ou make repons-ou epi retounen yon kopi siyen nan lekòl-la. Pa bliye kenbe yon kopi pou dosye pa-ou. Mèsi anpil.***

☐ Mwen dakò ak tout evalyason-yo ki pwopoze.          ☐ Mwen pa dakò ak okenn evalyasyon-yo ki pwopoze.

☐ Mwen dakò an pati avèk evalyasyon-yo ki pwopoze men mwen mande pou yo fè sèlman evalyasyon ki sou lis-la
______________________________________________.

Anplis mwen mande pou yo fè evalyasyon–sa-yo    ☐ evalyasyon ki sou lis anwo-a: ______________ ______________    ☐ lòt evalyasyon (espesifye) ______________ ______________

______________________________________________

**Siyati paran, moun responsab-la, moun an chaj edikasyon timoun-lan oswa elèv 18 anne oswa pi gran***          **Dat**
***Siyati elèv 18 anne-a obligatwa sòf si yon tribinal nonmen yon moun ki responsab elèv-la.***

## OPINYON PARAN

*Nou ankouraje fanmi elèv-la pou yo di-nou tou sa yo konnen sou elèv-la. Si yon fanmi deside fè sa nou mande-li tanpri ekri sa li vle di-nou-an nan do fèy-sa-a oswa telefònen moun ki kontak nan lekòl-la. Mèsi anpil.*